

Pataje



POUKISA LI DIFISIL KONSA POU APRANN PATAJE?

Timoun ki pi piti pase laj 3 lane yo vle tou natirèlman pou tout bagay fèt jan yo vle l la. Yo konsantre sou pwòp santiman ak panse pa yo. “Mwen vle sa mwen vle a, e mwen vle li kounye a!” Konpòtman sa a ka anbarasan men li nòmal. Jèn timoun yo poko devlope kapasite pou yo mete yo nan plas yon lòt moun. Sa pa vle di yo pa bon timoun ni ke ou pa leve yo kòmsadwa.

KISA OU KA FÈ

Gen plizyè fason pou ede jèn timoun yo aprann pataje. Men kèk sijesyon pou eseye. Gen kèk apwòch ki ka pi byen mache pase lòt. Kontinye eseye nouvo bagay.

- **Asire sekirite.** Lè yon jèn timoun santi l menase (tankou lè yon zanmi oswa sè/frè l eseye pran yon jwèt), li ka reyaji nan yon fason ki agresif. Lè sa rive, pwoche pi pre epi fè li sispann bay kou ak rale bagay. Di yon bagay senp ak yon vwa ki kalm tankou, “Mwen pa ka kite w ap bay kou,” oswa “Pa rale anyen” Lè ou rete kalm sa ede timoun yo santi yo an sekirite.
- **“Site non l pou kalme l.”** Fraz sa a, ke Dr. Dan Siegel vin avèk li a, raple w pou w ralanti ak kreye yon espas pou rezoud pwoblèm byen trankil. Lè gen konfli ki mete pye, li enpòtan pou rekonèt kijan toulède timoun yo santi yo. “De (2) timoun ki vle menm tren an! Ou te pran tren sa a paske li te parèt amizan anpil pou jwe avèk li.” Anjeneral se timoun k ap ret tann tou pa l la ki gen gwo emosyon. Ou ka di, “Li nòmal pou fache lè ou oblije ap tann. Li difisil pou tann!”
- **Pwopoze pou li fè “plis tan lè se tou pa l.”** Eseye ba li fè plis tan lè se tou pa l ak yon jwèt. “Pran kantite tan ou vle ak tren sa yo, Sam. Jade ap ret tann ou fini. Jade, èske w ta renmen li yon liv oswa jwe ak yon lòt jwèt annatandan Sam fini?” Pou yon timoun, li ka parèt tankou dèke li kòmanse jwe, yon kanmarad jwèt mande pou li “fè tou pa l.” Pafwa, lè yon timoun fè anpil tan nan tou pa l la pou li jwe, yo reyalize li pi amizan pou yo jwe ansanm. (Epitou, ou ka kite yon timoun depoze jwèt prefere l la ki difisil pou li pataje a.)
- **Itilize yon kwonomèt oswa yon revèy.** Nan kèk ka, li pa pratik ditou lè w kite yon timoun deside lè tou pa li dwe fini.. Nan moman sa yo, yon kwonomèt oswa yon revèy ka ede. Bèl bagay la avèk yon kwonomèt sè ke se pa paran an ki di lè a rive, se “son klòch” la. Ou ka mande timoun yo tou ki kantite tan tou pa yo a dwe dire. Sa ba yo yon chans pou yo ede deside règ yo.

Aprann pataje pran anpil tan. Gen kèk adilt k ap travay sou sa jouk kounye a! Li fasil pou pè moman konfli ant timoun yo. Olye pou pè moman sa yo, panse ak yo kòm chans pou devlope konpetans. Piga souzestime kapasite timoun yo pou yo vini ak trè bon ide! Mande yo bay opinyon yo. Yo ka jwenn yon fason etonan pou yo rezoud pwoblèm nan.

